

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana rumusan jeung watesan masalah, sarta tujuan panalungtikan jeung hasil analisis data ngeunaan campur kode anu aya dina surat pribadi siswa kelas VIII SMPN 1 Lembang, kapanggih aya 102 kecap campur kode. Campur kode anu kapanggih dina surat pribadi siswa dipasing-pasing deui jadi dua bagian, nya éta campur kode dumasar kana wandana jeung wujudna.

Tina 102 kecap campur kode anu kapanggih, éta kecap dipasing-pasing deui dumasar kana wandana. Dumasar kana wandana, aya 91 kecap (89,2%) anu kaasup kana campur kode ka jero (*inner code-mixing*) nya éta Basa Indonesia (BI) – Basa Sunda (BS) jeung 11 kecap (10,8%) anu kaasup kana campur kode ka luar (*outer code-mixing*) nya éta Basa Asing (BA) – Basa Sunda (BS).

Dumasar kana wujudna, tina data campur kode anu jumlahna aya 102 kecap campur kode, dina surat pribadi siswa kelas VIII SMPN 1 Lembang téh kapanggih aya opat tina genep wujud campur kode, nya éta: 1) 86 kecap (84,3%) seselan unsur anu ngawujud kecap, 2) 7 kecap (6,9%) seselan unsur anu ngawujud frasa, 3) 6 kecap (5,9%) seselan unsur anu ngawujud rajékan, jeung 4) 3 kecap (2,9%) seselan unsur anu ngawujud idiom.

Anu jadi faktor anu mangaruhan kana ayana campur kode dina surat pribadi siswa aya dua, nya éta: 1) basa anu digunakeun sapopoé jeung 2) kadwibasaan. Faktor séjénna ngawengku faktor karesep kana acara tv/radio jeung bahan bacaan sapopoé siswa di imah, daérah asal siswa jeung kolotna.

5.2 Saran

Sabada panalungtikan ngeunaan campur kode dina surat pribadi siswa kelas VIII SMPN 1 Lembang dilaksanakeun, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun.

- 1) Hasil panalungtikan ngabuktikeun, lobana kecap injeuman ngabalukarkeun kana ayana parobahan basa Sunda ti waktu ka waktu luyu jeung kamekaran

élmu pangaweruh sarta téhnologi. Ku kituna, kekecapan basa Sunda anu aya dina kamus kudu dilengkepan deui luyu jeung kamekaran basa Sunda.

- 2) Pikeun siswa kelas VIII SMPN 1 Lembang dipiharep sangkan ulah waka ngagunakeun kecap injeuman salila masih kénéh bisa ngagunakeun kecap tina basa Sunda, sarta siswa dipiharep kudu leuwih mindeng maca atawa ngaregepkeun kana bahan bacaan atawa acara tv/radio anu aya patalina jeung basa sunda. Ieu hal bisa mangaruhan kana kabeungharan kosa kecap dina basa sunda.
- 3) Pikeun guru dipiharep dina nalika kagiatan diajar-ngajar lumangsung, guru kudu bisa ngagunakeun basa sunda anu bener sangkan bisa méré conto ka siswa. Lian ti éta, guru kudu ngabiasakeun siswa sangkan ngagunakeun basa sunda dina waktu kagiatan diajar-ngajar lumangsung. Ku kituna, dina kagiatan ngajar, utamana dina kagiatan nulis surat pribadi siswa moal loba anu salah dina ngagunakeun basa Sunda.
- 4) Pikeun nyingkahan ayana campur kode di masarakat, masarakat kudu kukuh kana aturan makéna basa, iraha waktuna, dimana tempatna, jeung saha anu diajak nyaritana.